



Chè Paran oswa Gadò :

Lwa federal 2001 ki rele Pa kite okenn timoun ret dèyè *No Child Left Behind (NCLB)* bay paran elèv ki nan Lekòl Tit I, dwa pou genyen enfòmasyon konsènan sètifikasyon pwofesè ak parapwofesyonèl k ap travay avèk pitit yo. Lwa a mande lekòl yo avize paran lè yo deziyen pou anseye pitit yo, yon pwofesè regilye oswa yon ranplasan pandan kat semenn yonn dèyè lòt oswa plis, ki pa gen kalifikasyon siperyè (dapre definisyon NCLB) nan matyè l ap anseye lè sa a.

Pwofesè yo deziyen lè sa a pou salklas pitit ou a, ka gen sètifikasyon nan yon lòt matyè oswa nan yon lòt nivo ki pa matyè l ap anseye lè sa a, oswa li ka yon ranplasan k ap anseye pitit ou a depi kat semenn oswa plis.

N ap avize w ke n ap ofri tout pwofesè regilyèman opòtinite pou fòmasyon pwofesyonèl, epi y ap swiv kou pou pran sètifikasyon yo nan domèn apwopriye a. Metsousa, n ap sipèvizè sèvis chak pwofesè pandan ane a, epi n ap klase yo chak ane. Klasman sa a kouvri konèsans matyè ak tout metòd ak ladrès pou anseye. Si w bezwen plis enfòmasyon osijè estati pwofesè yo deziyen kounye a pou anseye pitit ou a, tanpri kontakte direktè a.

Non elèv la :

Matyè l ap anseye a/Nivo ak Klas :